

Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON YON NOUVO SANT VIZITÈ KI AP FÈT KI ESTIME A 6.1 MILYON DOLA NAN PREZÈVASYON PAK ETA NAN MINNEWASKA

Smiley Carriage Road nan Minnewaska relouvri Apre Restorasyon Konplè

Nouvo Sant Vizitè a Fè Pati 28,2 Milyon Dola nan Envestisman Piblik-Prive nan Prezèvasyon Pak Eta nan Minnewaska nan Kad Inisyativ NY Parks 2020, ki Gen Ladan 21.2 Milyon Dola nan Finansman Eta a

Reprezantasyon Nouvo Sant Vizitè yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke konstriksyon ap fèt pou yon nouvo sant vizitè ki estime a 6.1 milyon dola nan Prezèvasyon Pak Eta nan Minnewaska a (Minnewaska State Park Preserve) nan Shawangunk Ridge. Pwojè piblik-prive a ak Open Space Institute (OSI) pral kreye yon nouvo etablisman 5,000 pye kare ki gen entalasyon piblik ak espas sal klas, ekspozisyon ak pwogram pou edike vizitè yo sou karakteristik natirèl ak lwazi pak la. Nouvo sant vizitè a fè pati investisman piblik-prive ki estime a 28,2 milyon dola nan Prezèvasyon Pak Eta nan Minnewaska a nan kad inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo, ki gen ladan 21.2 milyon dola nan finansman eta a.

"New York se sant akèy pak ak aktivite lwazi de klas mondyal ki atire touris ki sòti toupatou nan planèt la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sant vizitè sa a pral bay ekipman ki endispansab ak nouvo eksperyans aprantisaj a dè milye de touris ki vini nan Pak Eta nan Minnewaska chak ane, pou ede ranfòse touris nan tout rejyon Hudson Valley a."

Youn nan karakteristik kle nan sant vizitè yo se pral twalèt ak dlo potab piblik, atik ki antèt yon sondaj nan ane 2014 sou enkyetid vizitè ke OSI te fè. Lokalize 90 minit nan nò Manhattan, pak lan atire prèske 500,000 vizitè chak ane.

Se 3.1 milyon dola nan inisyativ NY Parks 2020 an ki prensipalman ap finanse Sant vizitè yo. Kòm yon pati nan patenarya a, OSI te ranmase 2.5 milyon dola e l'ap lanse yon kanpay piblik pou ranmasa 500,000 dola final la pou pwojè a. Fon sa yo kontribiyè nan konsepsyon, konstriksyon, ekspozisyon modèn ak lòt amelyorasyon ak karakteristik batiman yo.

OSI te antèt restorasyon an 7.24 kilomèt nan Smiley Carriage Road nan pak la, yon destinasyon popilè pou randonè, siklis, kavalye ak eskiyè defon yo. Smiley Carriage Road la relouvri otòn sa a apre yon pwojè restorasyon 1.9 milyon, li konplete gras ak

sipò ki soti nan Fon Konsèvasyon Butler (Butler Conservation Fund) ak Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund)

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Amelyorasyon sa yo pral fè vizit nan Minnewaska yon eksperyans ki vin pi bon menm, ede mete aksan sou byen lwazi yo ke pak la gen pou l ofri e menm atire plis vizitè pou jwi bèl resous natirèl sa a".

Kim Elliman, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral OSI a, te di, "Angajman OSI fas a nouvo sant vizitè ak restorasyon nan Smiley Carriage Road a, repoze sou plizyè deseni nan travay pou pwoteje jaden flè espektakilè Minnewaska ak fè li plis aksesib ak agreyab pou piblik la. Pandan ane yo, nou retabli ak fyète plis pase 19.3 kilomèt nan wout charyo ak double gwochè pak la atravè ogmantasyon plis pase 12,000 kawo tè, ki gen ladan ogmantasyon Prezèvasyon Sam's Point lan nan ane 2014".

Nouvo sant vizitè a fè pati envestisman piblik-prive ki estime a 28,2 milyon dola nan Prezèvasyon Pak Eta nan Minnewaska a nan kad inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo, ki gen ladan 21.2 milyon dola nan finansman eta a. Pwojè a gen ladan renovasyon sou 37.8 kilomèt nan wout charyo a, kreye kan tèren Shawangunk Gateway, rekonfigire antre prensipal la sou Route 44/55 pou soulaje restriksyon sikilsyon, amelyore zòn pakin yo, ajoute nouvo pasaj pou pyeton, enstale dlo potab piblik nan zòn nan, enstale dlo lapli ak enfrastruktir jesyon egou, sèvis piblik soutèren, jaden, renove wout pak la, nouvo twalèt konpostaj otomatik ak lòt amelyorasyon nan espas la.

Pak Prezèvasyon an sitiye nan tèt yon eskapman wòch ki mezire 2000-pye epi li gen ladan 56.32 kilomèt wout charyo pousyere an wòch, 80.46 kilomèt santye ak kat "lak selès" primitif, Ansanm ak yon ekosistèm pye pen ti tay ra nan Zòn Sam's Point lan.

Senatè Jen Metzger te deklare, "Pak Eta Minnewaska se youn nan pak yo nan Eta New York ki pi espektakilè, ak youn nan kote mwen pi renmen moute bisiklèt, pwomennen, ak naje. Nouvo Sant vizitè sa pral atire plis vizitè nan pak la ak nan konte Ulster, ak edike yo sou richès natirèl enkwayab nan rejyon an, approfondi apresyasyon nan tout sa nou gen pou ofri yo ak pote plis dola touris nan ekonomi lokal la. Mwen trè kontan pou patwone yon sibvansyon kapital pou ede finanse pwojè valab sa, epi mwen vle eksprime apresyasyon mwen pou Open Space Institute ak tout patnè ki rann nouvo sant vizitè a posib".

Kevin Cahill, ki se Manm Asanble a te deklare, "Zòn nou an beni ak yon avantaj klas mondyal nan Prezèvasyon Pak Eta nan Minnewaska a. Avèk plis pase 500,000 envite chak ane, jaden flè pitorèsk la demontre bote natirèl li yo atravè falèz blanch emblematik li yo, lak selès ak 40.23 kilomèt wout charyo. Konstriksyon yon nouvo Sant Vizitè ak enstalasyon ki mache avèk li yo ap amelyore atraksyon sa a, sa ki fè li tounen yon destinasyon pou jwi yon sejou pandan tout yon jounen pou vizitè yo ansam ak pou rezidan yo. Atanke yon defansè depi lontan pou prezève ak pwoteje anviwònman natirèl nou an ak an patikilye pou karakteristik tou nèt sa a, mwen fyè dèske mwen travay avèk anpil defansè lokal yo, Senatè Jen Metzger ak Gouvènè Cuomo pou jwenn finansman eta ki nesès pou sipòte resous enpòtan sa a nan kominote nou an".

Manm Asanble Brian Miller te deklare, "Nouvo sant vizitè yo nan Pak Eta nan Minnewaska pral menm ede atire plis vizitè pou eksplòre ak eksperyans bote Shawangunk Ridge la. Sa a se yon avantaj kominotè enpòtan pou rezidan yo nan Konte Ulster. Nouvo enstalasyon yo, ansanm ak wout charyo restore yo, sikilasyon amelyore, kreyasyon Tèren Kan Shawangunk Gateway (Shawangunk Gateway Campground) ak lòt amelyorasyon enfrastrikti ak peyizaj, pral asire prezèvasyon a rete yon sous enpòtan nan eko-touris pou plizyè ane k'ap vini yo. Mwen ta renmen remèsye gouvènè a ak Open Space Institute pou lidèchip yo nan kad investisman piblik-prive sa a".

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare, "Mwen kontan pou sipò etonan ke yo pote pou amelyore ak restore eksperyans vizitè yo nan Pak Eta nan Minnewaska. Nouvo sant vizitè a pral yon avantaj pou rezidan yo nan Konte Ulster ak ede elaji endistri touris lokal nou an ansanm ak kontinye ranfòse repitasyon Minnewaska a kòm youn nan byen lwazi presye nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou angajman kontinyèl li anvè lwazi ak Konte Ulster".

[NY Parks 2020](#) Gouvènè a se yon angajman pou plizyè ane pou revitalize pak eta yo epi li gen ladan 110 milyon dola pou pwojè amelyorasyon nan Bidjè Egzekitif 2019-20 an.

Pak Eta yo kontwole plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, ranp lansman bato yo ak plis bagay toujou, ki te resevwa yon rekò vizit nan men 74 milyon moun ane pase. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)